

IGITABU C'AMATEGEKO AGENGA UBUDANDAJI

I. Ubudandaji n'umudandaza	445
II. Ibwirizwa ry'imero imwe kw'isheke	457
III. Amasezerano yo kuzamura ishirahamwe biciye mu butungane	464
IV. Uruhombo	473
V. Kugwatiriza ishinguro ry'urudandazwa, ivyarihishijwe imbere y'ikiringo n'ukugwatiriza urwandiko rushinga igicro	488
VI. Urwandiko rubwirizwa umuntu kuriha uwundi, urwandiko rwemeza ko uzoriha umuntu n'urwandiko rwemeza ko umwenda utarishwe	492
VII. Amashirahamwe yigenga n'aya Leta	503
VIII. Ukwunguruza ibidandazwa n'impembo ihabwa umuntu yatumwe igikorwa	543
IX. Ivyemezo vy'ingwati	549

Impfunyapfunyo ziharijwe

COOPEC	(Coopératives d'épargne et de crédit)	Koperative y'ukuziganya n'ukugurana
P.V.	(Procès-verbal)	Icegeranyo
RC	(Registre du commerce)	Igitabu c'ubudandaji
S.A.	(Société anonyme)	Ishirahamwe ata we ryitirirwa
S.C.	(Société civile)	Ishirahamwe riharanira inyungu ritadandaza
S.C.S.	(Société en commandite simple)	Ishirahamwe rigizwe n'abishuzwa vyose hamwe n'abata co bishuzwa
S.Co	(Société coopérative)	Ikoperative
S.M.	(Société mixte)	Ishirahamwe rya Leta n'abikorera utwabo
S.n.c.	(Société en nom collectif)	Ishirahamwe ry'izina rusangi
SPRL	(Société de personnes à responsabilité limitée)	Ishirahamwe ry'abantu ryishuzwa umutahe gusa
S.P.	(Société publique)	Ishirahamwe rya Leta
SU	(Société unipersonnelle)	Ishirahamwe ry'umuntu umwe
SURL	(Société unipersonnelle à la responsabilité limitée)	Ishirahamwe ry'umuntu umwe ryishuzwa umutahe gusa
T.G.I.	(Tribunal de grande instance)	Sentare nkuru y'igihugu
T.Co	(Tribunal de commerce)	Sentare y'ubudandaji

I. Ubudandaji n'umudandaza

9 Mukakaro 1993. – ITEGEKO-BWIRIZWA n° 1/045 – Ingingo nkuru nkuru z'igitabu c'amategeko agenga ubudandaji.

(I.L.B., 1994, n° 1, p. 1)

Menya neza

Mu gisomwa kimwe, iri tegeko-bwirizwa rishinga ingingo nshasha zigenga umwuga w'umudandaza n'ikikorwa c'ubudandaji muri rusangi. Ico gisomwa gihindura ibi bikurikira : abadandaza n'icemeza amabanga y'ubudandaji, amasezerano y'abubakanye b'abadandaza yerekeye amatungo, ibitabu vy'amategeko agenga urudandaza n'igitabu candikwamwo ingene urudandaza rugenda. Hazamwo ingingo nshasha zigenga ubwigenge bw'ubudandaza, ihiganwa ritemewe n'amategeko, ikingirwa ry'umuguzi n'uburenganzira bw'ugukotesha.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Amasezerano yo kwubakana

Abaguzi :

- amasezerano agirirwa kure na kure, 83
- amasezerano y'akarorero, 93
- gutegerezwa kumenyesha, 89
- ingingo z'agahoto (ku), 90, 91
- insiguro, 77, 78
- iyakirwa ry'urubanza, 97
- kurenganya (umu), 80
- kwankira (umu), 79
- kwitwara ngo hahagarikwe ingendo mbi, 94, 95, 96
- umwumvikano, 81

Amasezerano y'abubakanye yerekeye amatungo, 16, 17

Amasezerano yo gukotesha ikibanza co kudandarizamwo :

- gukurwamwo (indishi), 110
- gusaba, 114
- gusezerera uwukose, 106
- gusohora, 113
- igiciro c'ugukotesha (ihindurwa), 108, 111, 113
- ihagarikwa ry'amasezerano, 112
- ikiringo, 104, 109
- indishi, 117
- ingingo ngenderwako, 114, 115, 118, 119
- insiguro, 103
- kubandanya amasezerano ikiringo giheze iyo atawugize ico abivuzeko, 106
- kudatomora ibikorwa vy'ubudandaji, 114-117
- kwongereza ikiringo, 109, 107, 110

Amashirahamwe (y'ubudandaji), 12, 31

Amategeko agenga amatungo y'abubakanye :

- ihindurwa, 18, 19
- kuyashikiriza, 18
- kuyihweza, 19

Ibiciro, 3, 4, 6

Ibihano :

- ibihano bitegekaniye n'amategeko agenga imanza z'amatati, 55, 71
- ibihano mpanavyaha, 56, 57, 58, 78
- ishishamwe, 102

Ibikoresho vy'ubuhinga bwa none, 23

Ibikorwa :

- ibikorwa bitari ivy'urudandaza, 11
- ibikorwa vy'urudandaza, 10, 11

Ibitabu vy'urudandaza, 23, 26, 27 :

- igitabu candikwamwo ivyaguzwe n'ivyagurishijwe ku muni ku muni, 23, 24
- kumenyesha, 31
- kwerekana, 29
- kwerekana-kwanka, 30
- urutonde rw'ibidandaza, 23, 25

Igitabu c'urudandaza :

- amatagisi, 60
- guhanuza ku buntu, 59
- ibihano bitegekaniye n'amategeko agenga imanza z'amatati, 55
- ibihano mpanavyaha, 56, 57, 58
- ibikorwa bijanye n'urudandaza, 35, 37
- ihindurwa, 53
- kwandikisha :
 - ata kirinze gusabwa, 50
 - ibiringo, 52
 - ibisabwa, 52
 - ivyunganira, 47, 48, 51
- kwandikwa, 33, 44
- ubushikiranganji bw'ubudandaji, 34
- ubushikiranganji bw'ubutungane, 43
- uguhomba kw'ishirahamwe, 46
- umudandaza (ufatwa nk'-), 36
- umudandaza atagira ikibanza kizwi, 62
- umutahe, 46

Iharurwa ry'amahera, 23, 27, 28

Ihiganwa :

- guhana ihiganwa ritemewe n'amategeko, 71, 72, 73, 74, 75, 76
- ihiganwa ritemewe n'amategeko, 63
- inama ijejwe kwiga ibijanye n'ihiganwa ritemewe n'amategeko, 67, 69, 70
- ingendo zitemewe n'amategeko, 64, 65, 66, 67
- insiguro, 3

Imenyekanisha :

- insiguro, 84
- kubuza imenyekanishwa, 85

Imenyesha ry'amategeko agenga amatungo y'abubakanye (ihindurwa), 18, 19

Imenyesha ry'ibitabu vy'urudandaza, 31

Inyamiramabi, 8, 9

Inzandiko zerekana igiciro, 4, 5

Ivyemezo :

- ibitabu vy'urudandaza, 28
- indahiro, 30
- ivyiyemejwe mu rudandaza, 14

Kumanika :

- ibiciro, 4, 5
- urubanza, 73, 98

Kumenyesha ibitarivyo, 20

Kwerekana ibitabu vy'urudandaza, 29

Sentare ica imanza z'ubudandaji :

- iyandikiro ry'imanza, 15, 34, 39, 49, 50
- ububasha, 28, 29, 30

Ububasha bwo gukora ibitegekaniye n'amategeko, 10

Uburenganzira kuri bose bwo kugira urudandaza, 1, 2

Umudandaza :

- abubakanye, 15, 16, 17
- umudandaza atagira ikibanza kizwi, 22, 32, 62
- umunyamahanga, 13
- umwuga, 10

Umushikiranganji w'ubudandaji, 3, 5, 6, 7, 8, 34, 86, 87, 93, 97, 121

IGICE CA I INGINGO NTANGAMARARA

IKIGABANE CA I UBURENGANZIRA BWO KUDANDAZA

Ingingo ya 1

Umuntu wese arekuriwe gukora urudandazwa mu gihe atarenze ingingo ziri muri rino tegeko-bwirizwa n'amategeko yandi bijanye.

Mugabo urudandazwa rugirwa n'abakozi n'abajejwe amabanga ahambaye muri Leta hamwe n'abanyamahanga rushobora gukurikiza amategeko yiharijwe.

Ingingo ya 2

Uburenganzira bwo kudandaza bushobora gukorwa mu buryo bukurikira :

1° uburenganzira bwo gukora imigambi, n'ukuvuga ko umuntu ku giti ciwe canke ishirahamwe bafise uburenganzira bwo gukora urudandazwa bishakiye ;

2° uburenganzira bwo gukora n'ukuvuga ko umudandaza arekuriwe gukora ako kazi nk'uko avyumuva ;

3° uburenganzira bwo gukoresha uburyo bwose bwemewe n'amategeko mu kwiyegeza abamushorera.

IKIGABANE CA II UMWIDEGEMVYO MU GUSHINGA IBICIRO

Ingingo ya 3

Ibiciro vy'ibintu, ibidandazwa canke ivyimbura vyisunga ihiganwa.

Mugabo, mu bisata canke ahantu ihiganwa ryisunze ibiciro rinigiwe mu menshi n'abihariye isoko canke umuguzi umwe rudende, canke hari intambamyi mu kuronswa ivyankenerwa harafatwa ingingo zidasanzwe zo gutunganya ibiciro.

Ingingo ziri mu turongo tubiri duhejeje kuvuga ntizibera intambamyi Umushikiranganji ajejwe ubudandaji, bwo gushinga Itegeko nshikiranganji ryihariza iduzwa ry'ibiciro. Ingingo mfatakibanza zirafatwa bitumwe n'ibihe bidasanzwe. Biba ibihe vy'akaga mu gihugu canke bigaragara ko hari ibituma bidasanzwe vyerekeye amasoko mu gisata kanaka.

Itegeko nshikiranganji riratomora neza igihe bimara, bitarenze amezi atandatu. Mugabo ico gihe kirashobora kwongererezwa uko bikenewe kose.

Ingingo ya 4

N'Itegeko ko umudandaza wese, amanika ibiciro, agategura kandi agatanga impapuro zerekana ivyaguzwe.

Ingingo ya 5

Umushikiranganji ajejwe ubudandaji arashinga Itegeko nshikiranganji riringaniza ingene bamanika ibiciro vy'ibidandazwa biba vyanzwe canke vyatanzwe ngo bidandazwe, ukumenyekanisha ibiciro mu bantu kiretse ibijanye n'umwuga w'ubuhinga umuntu akora ku giti ciwe.

Ingingo ya 6

Mw'ikurikiranwa ry'ingene ibiciro vyifashe, biba ivyaranguriwe mu bindi bihugu, canke vyerekeye umuguzi, Umushikiranganji

Umushikiranganji w'ubutungane, 8, 19, 43, 121

Umwiddegemvyo mu gushinga ibiciro, 3

Urubanza ruri mu nzego z'ubutungane :

- guhagarika ibikorwa (biteye kubiri n'ihiganwa), 71
- guhagarika imigirwa (imerera nabi abaguzi), 94, 95, 96

ajejwe ubudandaji arandika kenshi ibiciro vy'ibidandazwa n'inyungu yavyo biba ivyavuye hanze canke vyakorewe mu gihugu.

Menya neza

Akarorero :

- Itegeko nshikiranganji n° 750/671 ryo ku wa 3 Munyonyo 1999 ryerekeye iyandikwa ry'ibiciro vy'ibintu vyahinguriwe mu mahinguriro canke vyaranguwe mu mahanga (I.L.B., 1999, n° 12, p. 46) ;

- Itegeko nshikiranganji n° 750/662 ryo ku wa 29 Gitugutu 1999 ritunganya kwemeza ibiciro vy'ibintu n'imirimo ngenderwako (I.L.B., 1999, n° 10, p. 704).

Ingingo ya 7

Umushikiranganji ajejwe ubudandaji niwe akena abakozi bajejwe kwandika ibiciro, akena abakozi bajejwe kwandika ibiciro, akabatora mu bakozi asanzwe akoresha.

Ingingo ya 8

Abakozi bakuru na bato bavuzwe aho hejuru mu ngingo ya 7 bararonswa ikarata yisa, ibiyiranga vyemezwa n'Itegeko nshikiranganji riterwako umukono n'abashikiranganji babiri, uwo ubudandaji n'uwu ubutungane. Abo bakozi bafise ububasha nk'ubwo inyamiramabi mu bijanye no kurenga amategeko agenga ubudandaji.

Ingingo ya 9

Hisunzwe aho ububasha bwabo bugera, abo bakozi bavuzwe mu ngingo za 7 na 8 zihurika mu vyerekeye ako kazi, bisunga amategeko agenga inyamiramabi zikukira abashikirizamanza.

IGICE CA II ABADANDAZA N'ICEMEZA AMASEZERANO Y'UBADANDAJI

IKIGABANE CA I ABADANDAZA

Ingingo ya 10

Abadandaza n'abo bese babishoboye bavyemerewe n'amategeko, bakora ibikorwa n'abadandaza bakabigira umwuga wa minsi yose kw'izina ryabo kandi ku giti cabo.

Ingingo ya 11

Ico Itegeko ryita ibikozwe kabudandaji :

1° kugura kugira ugurishwe ibiribwa canke ibidandazwa uko biri canke vyahinguye, canke gukotesha umaze kubigura :

- igurishwa canke ikoteshwa ijanye n'ivyo vyaguzwe ; gukotesha ivyimuka kugira bikoteshwe n'ikoteshwa ry'uwukoswe vy'ivyo ;

- ishirahamwe ryose rihingura riba iryabikorera utwabo, canke rikorera irindi canke ryo gutwara abantu n'ibintu ; kubika no kubikura amahera muri banki ;

- kuvunja amahera no kuranga ibidandazwa, ububasha bwo kurihira uwundi muntu canke kumuserukira ;

- ishirahamwe ryose ryerekeye kugura ibitimuka kugira ribigurishwe ;

- ibintu vyose umudandaza ategerezwa gukora naho vyoba vyerekeye ikitimuka kiretse bigoranye ko ivyo asabwa ataho bisa bisana n'urudandazwa ;

2° ishirahamwe ryose ryo kwubaka rigura, rigurisha ribishatse inyubakwa zo gutwara abantu n'ibintu mu mazi haba hanze y'igihugu canke mu gihugu hagati :

– ibikorwa vyose bijanye no gutwara ibintu biciye mu mazi, abantu n'ibintu biciye mu mazi ;

– kugura no kugurisha ibikoresho vyo mu bwato, gukoresha ubwato ;

– ikoteshwa ryose ry'ubwato, gutira canke gutiza ubwato biciye mu nyandiko ;

– amasezerano yo gukinga impanuka n'ayandi masezerano ajanye n'urudandazwa rwo mu mazi ;

– amasezerano yerekeye impembo no gukotesha abatwara ubwato ;

amasezerano y'abakora mu bwato ajanye n'inzu z'ubudandaji.

Itegeko rifata kandi ko ibindi ari ibikorwa vy'ubudandaji, ibikorwa atari ivyo ubudandaji mu gihe vyakozwe n'umudandaza bijanye n'akazi kiwe ko kudandaza.

Menya neza

Aka gahimba karisubiriza twihweje ako gahimba ka 1° gaherukiweko.

Ingingo ya 12

Amashirahamwe yose, tutaravye intumbero yayo, yaba ayakora kw'izina ry'umuntu, canke ku giti cayo, canke yiyunze biciye mu mategeko ategerezwa kugengwa n'amategeko y'ubudandaji.

Menya neza

Ihweze kandi ingingo ya 26 y'igitabu c'amategeko agenga amashirahamwe yigenga n'aya Leta, *hepf*.

Ingingo ya 13

Umudandaza w'akabira k'umunyamahanga, aba hanze y'Uburundi, ategerezwa kuba afise aho abarizwa mu Burundi kandi yitoye. Aragenda uwufise ububasha bwo kumuserukira aba iminsi yose mu Burundi. Niwe yakira impapuro n'inyandiko zijanye n'ubutungane n'izindi zose zandikiwe uwo mudandaza. Niwe kandi afise uburenganzira bwo kumuserukira imbere ya Leta no mu butungane.

Menya neza

Ihweze itegeko nshikiranganji n° 550/296 ryo ku wa 10 Kigarama 1980, riringaniza ingene abadandaza b'abanyamahanga bokorera mu Burundi (*I.L.B.*, 1980, n° 11, p. 189).

IKIGABANE CA II

ICEMEZA AMASEZERANO Y'UBUDANDAJI

Ingingo ya 14

Turetse ivyemezo bikoresheya n'amategeko agenga gutunganya ivy'amatazi, amasezerano y'ubudandaji ashobora kwerekanwa n'isura canke umwikeko mu gihe cose sentare ibona ko yovyeremera kiretse mu gihe Itegeko ribubuza. Mu bintu nk'ivyo hashobora kwemezwa ibidahuye n'ayo masezerano.

IGICE CA III

AMASEZERANO Y'ABUBATSE YEREKEYE ABADANDAZA

Ingingo ya 15

Urwandiko rw'amasezerano y'abubatse harimwo umudandaza rutegerezwa gushingurwa mu biro vy'iyandikiro ry'imanza rya sentare y'ubudandaji ry'aho asanzwe akorera hakuru.

Urwo rwandiko ruratomora neza mu ngigo zarwo, ivyo badasangiye afise ku giti ciwe yaba ibitimuka canke ivyimuka, haba ubu canke muri kazoza.

Ingingo ya 16

Mu gihe mw'itunganywa z'ingaruka zijanye n'ukubaka ku vyo batunze, ababanye bisunze amategeko asanzweho atabwama bavanga amatungo yabo yaba yose canke igice cayo, ibitimuka canke ivyimuka, urwandiko rw'amasezerano rutegerekanyijwe n'ingingo ya 15 rurashobora guhindurwa n'Itegeko riringaniza

isangirwa n'Itegeko riringaniza isangirwa ry'ivyo bakorera hamwe.

Ingingo ya 17

Mu gihe abubatse batatanze urwandiko nk'uko biteguwe mu ngingo za 15 na 16, uwundi muntu azoba aheraniye n'umwe mu bubakanye atazi amasezerano y'ukubaka bapfunditse, azobandanya yishuza amadeni ku bintu bitimuka n'ivyimuka bishobora gufatwa naho uwo wundi yokwigira nyenevyo.

Ubwoburenganzira burarekuriye kandi umuntu aheraniye n'umwe mu bubatse yubatse n'umudandaza imbere y'uko urwandiko rumenyekana, icemezo catanzwe mw'ishinguriro ry'imanza mw'isentare inyuma y'amezi atatu kuva bubakana n'uwo mudandaza.

Ingingo ya 18

Mu gihe amasezerano y'ukwubakana ahindutse inyuma y'uko inyandiko zatanze n'ivyemezo bitegerekanyijwe n'ingingo za 15 na 16 twavuze hejuru, bahinduye zituma hari ibihinduka mu vyerekeye inyungu z'abantu, umudandaza ategerezwa kuzimenyesha iyandikiro ry'imanza yari yarabitsemwo icemezo.

Ivyo bigaragazwa n'urwandiko ruterwako igikumu n'umwe mu bubatse, akongera akemeza umunsi vyahinduriweko, atari aho naho, abaheraniye barashobora kwanka ingingo zose zibangamira inyungu zabo.

Ingingo ya 19

Igitabo kirimwo inyandiko, n'ivyemezo biri ku rutonde rw'ingene bikurikirana kiramenyeshwa umuntu wese abisavye.

Ikopi y'ivyemezo canke inyandiko iratangwa harishwe amahera ategerekanyijwe n'Umushikiranganji w'ubutungane.

Ingingo ya 20

Umudandaza yahomvye azotanga inyandiko n'ivyemezo atari vyo, mu ntumbero yo kunyegereza bimwe mu bigize umutungo yatanze ingwati azohamishwa ibihano bitegerekanyijwe n'ingingo ya 202 y'igitabo c'amategeko impanavyaha.

Ingingo ya 21

Abadandaza bubatse urwabo mu gihe iri tegeko-bwirizwa rigiye mu ngiro bategerezwa gutanga inyandiko n'ivyemezo bitegerekanyijwe mu ngingo za 15 na 16 twavuze hejuru mu mezi atandatu, imbere y'uwo munsi, atari aho naho, hazoza mu ngiro ingingo ya 17.

Ingingo ya 22

Ingingo ziri muri kino gice ntiyerekeye abadandaza utuntu bayererana ku mutwe.

Menya neza

Vyunganiye n'Itegeko n° 100/14 ryo ku wa 18 Ruhuhuma 1992 riringaniza urudandazwa rwo ku mutwe (*I.L.B.*, 1992, n° 7, p. 248).

IGICE CA IV

IBITABO VY'UBUDANDAJI

Ingingo ya 23

Umudandaza wese ategerezwa kugira igitabo kizwi kirimwo inyandiko zose zerekana ivyasohotse n'ivyinjira nkuko bitegerekanyijwe mu mategeko y'igihugu agenga iharurwa ry'amahera.

Kubera izo mpamvu umudandaza wese ategerezwa kuba afise ibitabu vy'ubudandaji bikurikirana :

1° igitabu c'ibiharuro vya minsi yose kirimwo ibitabu vy'ivyaguzwe n'ibitabu c'ivyasohotse hamwe n'impapuro zivyerakana ;

2° igitabu kirimwo urutonde rw'ubutunzi bwiwe.

Umudandaza wese ategerezwa kuba afise ikopi z'impapuro z'ivyaguzwe, impapuro zarungitsweko amakuru aca mu kirere canke uburyo bujanye n'akazi ko kudandaza, arungika canke yakira akabishingura neza uko bikurikirana. Iminsi yose ivyo bitabu bizokwandikwa hakurikijwe ururimi rw'ikirundi, igifaransa canke Urundi rurimi rutegerekanyijwe n'amategeko.

Tubangiriye ku karongo kari hejuru, impapuro zanditswe ku buhinga bwa none bugizwe n'imbonsha indome zirashobora gufatwa nk'igitabo c'urutonde rw'ibidandazwa. Muri ico gihe, zitegerezwa kumenyekanana, zikaronka inomeru y'urutonde, igenekerezo zandikiweko, bikagirwa mu buryo biba icemezo kitagira amahinyu.

Ingingo ya 24

Ibisohoka n'ivyinjira mu butunzi bw'ishirahamwe vyandikwa iminsi yose uko bikurikirana ku muni ku muni mu gitabu c'ibiharuro vyo ku muni.

Iyandikwa ry'ibisohotse n'ivyinjirye vyerekana yuko aho ikintu kivuye, ikirimwo n'ico kigenewe n'inomeru y'urupapuro rukiranga rukacemeza.

Ibikorwa nk'ivyo vyakorewe hamwe no ku muni umwe bishobora gusubirwamwo ku rupapuro rumwe rubiranga.

Ingingo ya 25

Umudandaza wese ategerezwa mu ntango z'akazi kiwe no mu myaka ikurikira kugira urutonde rw'ibintu vyimuka n'ibitumuka afise, amadeni afise n'ayo bamufitiye.

Urwo rutonde ruterwako igikumu na nya mudandaza canke abo basangiye umutahe mu gihe yiyemeje ku gatwe kabo.

Urwo rutonde rwandikwa ku mwaka ku mwaka mu gitabu cabigenewe canke mu rundi rwandiko rwavyo.

Muri ico gihe, iza ntonde zose zitegerezwa gushingurwa zibanje kwegeranywa.

Ingingo ya 26

Ibitabu vy'ubudandaji bitegerezwa kuba biteranije neza biriko inomeru zerekana ingene bikurikirana ataco basimvye canke ngo bandike mu mfuruka z'urupapuro.

Ingingo ya 27

Umudandaza wese ategerezwa gushingura mu myaka cumi ibitabu vy'urudandaza canke ivyemezo vyose vyerekana ibisohoka n'ivyinjira, canke impapuro zose zitegekanijwe n'ingingo ya 23 twavuze hamwe n'amakete yose ajanye n'ubudandaji yaronse.

Ingingo ya 28

Ibitabu vy'ubudandaji vyujijwe neza n'ubundi buryo bwose bukoreshijwe mw'iharurwa ry'amahera hamwe n'inyandiko zose zavuzwe mu ingingo ya 23 twavuze hejuru birashobora kwemezwa na sentare ko ari icemezo kiri hagati y'abadandaza n'akazi barangura.

Ingingo ya 29

Mu gihe habaye impari, sentare irashobora gusaba ko herekanwa ibitabu vy'ubudandaji, ivyishakiye canke ibisabwe. Ibindi vyemezo vyerekana ibisohoka n'ivyinjira canke inyandiko zose zitegekanijwe n'ingingo ya 23 yo hejuru kugira ngo ikuremwo yonyene ibikenewe mu kubona ivyo bapfa.

Ingingo ya 30

Mu gihe umwe mu baburanyi banse gutanga ivyo bitabu vy'ubudandaji canke izindi nyandiko zerekana ibisohoka n'ivyinjira canke impapuro zitegekanijwe n'ingingo ya 23 twavuze hejuru bisanzwe vyizewe, sentare irashobora gusaba ko uwo baburana yoshinga indahiro.

Ingingo ya 31

Itangwa ry'ibitabu vy'ubudandaji n'izindi nyandiko bitegekanijwe mu ngingo ya 23 ntibishobora gutegekwa mu butungane kiretse ari ibijanye no gutorana, abiyunze mu mubano, kugabangana ivy'ishirahamwe no mu gihe c'agahombo.

Mu mashirahamwe agizwe n'abanywanyi benshi akabitorirwa canke yitirirwa umuntu umwe rudende, eka no mu mashirahamwe yo kudandaza, abanywanyi bose barafise uburenganzira bwo guhabwa ibitabu vy'ubudandaji n'ivyangombwa bitegekanijwe mu ngingo ya 23 n'ivyangombwa bitegekanijwe mu gihe ishirahamwe rigikora, batayashokanye kiretse habaye ayandi masezerano.

Ingingo ya 32

Umudandaza atagira aho akorera hazwi ntatwaga nagato n'ibitegekanijwe mu ngingo ya 23.

Ariko rero umudandaza asanzwe afise aho akorera hazwi akongera agafatanywa no gukorera ahatazwi arashobora gufatwa n'ibisabwa bijanye n'urudandazwa ruzwi mu gihe arirwo nyamukuru.

IGICE CA V IGITABU CANDIKWAMWO ABADANDAZA N'UBUDANDAJI

IKIGABANE CA I INGINGO NGENDERWAKO

Ingingo ya 33

Igitabu candikwamwo ibidandazwa n'ubudandaji gishingurwa mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare y'ubudandaji.

Umwanditsi w'imanza w'iyi sentare ni we ategerezwa gushingura ico gitabu.

Ingingo ya 34

Imbere y'umunsi ugira gatanu w'ukwezi, umwanditsi w'imanza ajejwe gushingura igitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji arategura urutonde rw'abadandaza bazwi canke bafuswe muri ico gitabu mu kwezi guheze akarungika mu bushikiranganji bw'ubudandaji.

Ingingo ya 35

Nta n'umwe arekuriwe kudandaza mu gihe atazwi muri ico gitabu, canke ngo akore ibisa n'ibitegekanijwe muri co.

Menya neza

Raba *ivyanditse* ku ngingo ya 22.

Ariko rero umudandaza atagira aho akorera hazwi ntasabwa kuba azwi mu gitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji.

Ingingo ya 36

Ukwimenyekanisha mu gitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji bituma umuntu afatwa koko nk'umudandaza.

Ingingo ya 37

Abandi bantu barashobora kwifata nk'abadandaza mu gihe bakora ivyo Itegeko rifata nk'ubudandaji, ariko bikorwa n'umuntu atanditswe mu gitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji.

Barashobora kandi gufata nk'umudandaza umuntu wese atanditswe mu gitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji ariko akora ivyo Itegeko rifata ko ari urudandazwa canke akora nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ya 12 y'iri tegeko-bwirizwa.

IKIGABANE CA II UGUSABA KWANDIKWA MU GITABU CANDIKWAMWO ABADANDAZA N'UBUDANDAJI

Ingingo ya 38

Ukwiyandikisha mu gitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji gutegezwa kuba igihe cose imbere y'uko :

1° umuntu ku gatwe kiwe canke ishirahamwe rikora ibijanye n'ukudandaza ryugurura icararo caryo gikuru ;

2° umuntu ku gatwe kiwe canke ishirahamwe rikorana ibijanye n'ukudandaza hanze y'igihugu c'Uburundi, ryuguruye ishamba canke icararo mu Burundi.

Ingingo ya 39

Ugusaba kwandikwa ku bantu canke amashirahamwe afise icararo gikorera mu Burundi bimenyeshwa umwanditsi w'imanza wa sentare y'ubudandaji ajejwe akarere akoreramwo.

(Abo mu) Abantu canke amashirahamwe afise icicaró gikuru mu yandi makungu iyo ahuguruye icicaró gitoyi c'ugukoreramwo, ishami canke ibiro, ategerezwa kwiyandikisha mu gitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji gishinguwe mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare y'ubudandaji ijejwe ahari ico cicaro canke iryo shami.

Iyo afise ahandi hantu henshi akorera ibisa n'ivyo, ukwiyandikisha biraba, hakurikijwe ibisabwa, ku giciro c'imwe mu masentare ajejwe aho ayo mashirahamwe akorera.

Umunsi basabiyeko kwandikwa vyemezwa n'uko vyanditswe mu gitabu cabigenewe gishinguwe n'umwanditsi w'imanza.

Ingingo ya 40

Ugusaba kwandikwa mu gitabu c'abadandaza n'ubudandaji gutegerezwa kuba :

1° ku mashirahamwe yegukira abantu ku gatwe kabo, ari bo babisavye ;

2° ku mashirahamwe yiserukira mu mategeko ka bushirahamwe, bisabwa n'abajejwe intwari canke itunganywa ryayo.

Ukwo kwandikwa bishobora kandi gusabwa n'umuntu ahawe ububasha na nyene ishahamwe.

Ingingo ya 41

Gusaba kwandikwa bigirwa ku mpapuro zibiri zisa ziriko igenekerezo n'umukono.

Ingingo ya 42

Abantu basaba kwandikwa ku gatwe kabo babanza kwerekana ikarata karangamuntu zabo.

Gusaba kwimenyekanisha ku mahirahamwe agengwa n'amategako y'Uburundi, kugirwa berekanye ikopi y'amategako ngenderwako yemejwe y'ishirahamwe ribisaba. Iyo ari ishahamwe rigengwa n'amategako atari ay'Uburundi, ukwiyandikisha kugirwa mu gutanga amategako ngenderwako yemejwe n'umushingwanzandiko.

Ingingo ya 43

Ibategerezwa kwandikwa mu gitabu c'abadandaza n'ubudandaji bitomorwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji w'ubutungane.

IKIGABANE CA III KWANDIKISHA

Ingingo ya 44

Kuva bisabwa, umwanditsi w'imanza aca amwandika ata gihe kihacye.

Iyo asanze ibisabwa mu kwiyandikisha bidakwiye, umwanditsi aca areka kubitegura agaca amenyesha ubwo nyene uwabisavye ingingo yafashe.

Ingingo ya 45

Abantu canke amashirahamwe yamenyekanye ko yahomvye kandi ntanagurwe canke ayahanywe kubera guhomba ntashobora kwandikwa.

Bisabwa n'abo vyega, sentare y'ubudandaji irashobora kuyasubiza ako karanga mu gihe yigenjeje neza kuva ahanywe canke ahomvye.

Umuntu wese vyega canke Umushikirizamanza arashobora kungurura urubanza.

Menya neza

Raba kandi *hepfo*, ingingo za 114 na 115 z'Itegeko n° 1/07 ryo ku wa 15 Ntwarante 2006 ku bijanye n'uguhomba kw'amashirahamwe (I.I.B., 2006, n° 3 ubwa kabiri, p. 116).

Ingingo ya 46

Umutahe uwo ariwo wose usabwa n'umudandaza utegerezwa kuba uriko ikibanza n'inomero uwubisaba yimenyekanishirijeko mu gitabu c'abadandaza n'ubudandaji.

Nkako, mu gihe biraba urudandazwa rwabo, ibikorwa, ivyegeranyo, impapuro z'ibiguzi, amakete n'izindi mpapuro z'abadandaza, ivyo bamenyekanisha kw'izina ryabo bijako izina ryabo, imvo n'uko bavyita mu majambo aramvuye canke mu ncamake hariko n'ukwerekana icicaró ca sentare ukwiyandikisha vyabereye n'inomero y'ukwo kwiyandikisha.

Ibitimuka vyose, utuzu two kudandarizamwo, ibishirwako ibidandazwa, bikoresha mu kudandaza n'imiduga ikoresha mu kudandaza gusa itegerezwa kujako bimwe biboneka vya bimenyetso nyene.

IKIGABANE CA IV INZANDIKO ZIYONGERAKO

Ingingo ya 47

Ikintu cose gihindutse mu buzima busanzwe bw'umudandaza n'igihindutse mu vyo iri tegeko-bwirizwa ritegeka kumenyekanisha, iyugururwa iryo ariyo ryose ry'icicaró c'ahakorera ibijanye n'ukudandaza, ry'ishami ribaye inyuma y'ukwiyandikisha, guheba uwundi urudandazwa, icicaró canke ishami, ibijanye vyose no gutunganya ivyerekeye agahombo, hamwe, muri rusangi, n'ivyo vyose bihinduka mu vyamenyeshejwe igihe co kwiyandikisha kw'umudandaza, ivyo bivuzwe vyose bigirirwa inyandiko zindi zongeweko.

Ingingo ya 48

Ibindi bitegerezwa kuja mu nyandiko zongeweko :

1° ingingo ntasubirwamwo zafashwe n'ama sentare y'Uburundi canke yo mu mahanga :

a) zerekeye kubuza canke gushira umudandaza mu nama y'ubutungane canke gusubiza izo ingingo ;

b) zemeza kwahukana, kurara kubiri canke gutandukanya amatungo ;

c) zigana uwutunganya amatungo y'umuhisi, zitangaza ukutamenya iyo yaroze canke urupfu rwiwe ;

d) zigana canke zibogozwa mu mabanga uwuyajejwe vy'imfatakibanza canke umuhuza ataho yegamiye ;

e) zitegeka kwugara, gusubiza canke guhagarika burundu kudandaza ;

f) zemeza canke zemeza ubwa nyuma uruhombo rw'umudandaza, zihagarika vy'agateganyo ibikorwa vy'agahombe kubera ubukene bw'imitahe canke zishikirizwa icashitsweko, zemeza, ziyamiriza, zikuraho burundu amasezerano ari hagati y'uwahomvye n'abo aheraniye imbere (canke inyuma) y'agahombo, canke atora inyishu ibereye ;

g) zemeza isambuka, itunganywa rijanye n'uruhombo canke izimangana ry'ishirahamwe ry'ubudandaji ;

2° imanza zaciwe ubutagisubirwamwo n'amasentare y'Uburundi :

a) zerekeye ihanwa ry'uwagiriwe ivyaha bivugwa mu ingingo ya 45 twamaze kubona ;

b) zerekeye ihinduka canke ifutwa burundu ry'ibiri mu gitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji ;

c) cemeza ikurikizwa mu Burundi ry'ingingo zavuzwe ku nomero 1° aho hejuru ziri mu manza zaciwe n'amasentare yo mu mahanga.

Menya neza

Amasezerano hagati y'uwahomvye n'abo aheraniye inyuma y'uruhombo yarafuswe n'ibwirizwa n° 1/07 ryo ku wa 15 Ntwarante 2006 ku bijanye n'uruhombo. Amasezerano y'imbere y'uruhombo yitwa amasezerano yo mu butungane hisunzwe ibwirizwa n° 1/06 ryo ku wa 15 Ntwarante ryerekeye amasezerano yo mu butungane y'ishirahamwe riri mu ngorane (raba *hepfo*).

Ingingo ya 49

Ugusaba kwandikwa nk'uko bitegekanijwe mu ingingo ya 47 twabonye aho hejuru bitegerezwa gushikirizwa umwanditsi w'imanza yafashije mw'iyandikwa, bigasabwa n'abategerezwa kubisaba.

Ingingo ya 50

Umwanditsi w'imanza wa sentare y'ubudandaji ajejwe ahabereye ukwiyandikisha arandika atawe arinze kubisaba imanza zaciwe n'amasentare yo mu Burundi arinze kubisaba. Imanza zaciwe n'amasentare yo mu Burundi nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ya 48 twavuze aho hejuru.

Muri iyo ntumbero, abanditsi b'imanza bo mu ma sentare yaciye izo manza baramenyeshwa mu rwandiko, rwemejwe mu rubanza nyenizina, umwanditsi w'imanza ajejwe ivy'inyandiko ziyongerako.

Iyandikwa ry'imanza zivugwa mu ngingo ya 48 twabonye, zaciwe n'amasentare yo mu mahanga rigirwa n'umwanditsi w'imanza yafashije mu kwiyandikisha bisabwe n'umudandaza canke uwundi muntu amuhagarariye.

Ingingo ya 51

Mu gihe co guha uwundi muntu urudandazwa rwawe, kumuheba canke kuruheba bitumwe n'urupfu, ivy'inyandiko ziyongerako bisabwa umwanditsi yakiriye ukwiyandikisha, bigasabwa n'abatorana, abarazwe canke abashira mu ngiro ibijanye n'iragi.

Iyo ari ibijanye n'itunganywa ry'umutahe igihe c'agahombo, ivy'inyandiko ziyongerako bisabwa n'abajejwe kubitunganya.

Ingingo ya 52

Ivyerekeye inyandiko ziyongerako, kiretse igihe vyabaye atawubisavye bitegerezwa gusabwa mu mezi atatu gusa kuva habonetse ico bagomba kwandika. Ku bijanye no kumenyesha mu kinyamakuru c'ingingo zifatwa mu Burundi, ikiringo gihera aho bitangarijwe. Ku bijanye n'imanza zaciwe, ikiringo giharurwa kuva umunsi zabaye ntabanduka.

Impapuro zisaba kwongerako ibishasha zirerekana izina rya nyene kubisaba, intumbero canke izina ry'ishirahamwe, inomeri n'igenekerezo vy'ukwiyandikisha, hamwe n'ukumenyesha ivyongerwako ivyo ari vyo. Kwongerako bisabwa nk'uko bitegekanijwe mu ngingo za 39 gushika ku ngingo ya 42 y'iri tegeko-bwirizwa.

Iyo hari ibihinduka mu mategeko ngenderwako y'amashirahamwe, uwubisaba yibangikanya urupapuro rw'ibihinduka canke ikinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi ibihinduka vyatangarijwemwo.

Ingingo ya 44 na 45 zavuzwe aho hejuru zirakurikizwa ku nyandiko ziyongerako. Iyo uwiandikishije afise icicarico kimwe canke vyinshi, canke amashami mu bibanza bitandukanye, umwanditsi w'imanza yakiriye ukwiyandikisha ararungika ikopi yemejwe ko isa n'urwandiko nyezina rw'ivyanditswe vyiyongerako, akayirungikira abanditsi b'imanza bo mu masentare y'ubudandaji ajejwe akarere ayo mashami akoreramwo.

Inyandiko ziyongerako zica zifatanywa n'urwandiko rw'ukwiyandikisha.

IKIGABANE CA V

KUNAGURA N'UGUHAGARIKA NTABANDUKA

Ingingo ya 53

Abandi bantu barashobora guhindura canke gufata ico cose kitari ic'ukuri n'ukwongeramwo ico cose cibagiye.

Mu gutaka ubutungane bitura sentare y'ubudandaji biyandikishijemwo.

Ingingo ya 54

Ihanagurwa ry'ukwiyandikishije rishobora gutegekwa na sentare y'ubudandaji, iyo iryo yandikwa ryerekeye umuntu ari muri kimwe mu biringo vyavuzwe mu ngingo ya 45 y'iri tegeko-bwirizwa.

Iryo hagarikwa rigirwa na sentare ukwiyandikisha kwabereyemwo. Iyo sentare ibisabwa n'ubushikirizamanza, ubwo na bwo bukaba busanzwe bumenyeshwa n'umwanditsi w'imanza canke uwundi muntu wese biraba, ico cose cotuma haba ihagarikwa. Ukwungururiza iyo ngingo bigirwa n'uwo biraba canke n'Umushikirizamanza.

Umwanditsi w'imanza aca yandika ata gisabwe iryo hagarikwa ku rwandiko rw'iyandikisha canke rw'inyandiko ziyongerako.

Umwanditsi w'imanza aca arungika ikopi yemejwe ko isa n'ingingo itegeka iryo hagarikwa, akayirungikira abanditsi b'imanza bagenzibye bo mu masentare y'ubudandaji ajejwe akarere umudandaza yahagaritswe yari afisemwo icicarico c'ugukoreramwo canke amashami.

IKIGABANE CA VI

IBIHANO

Ingingo ya 55

Ukwitwara gukuru, ukwivuyukiranya uwakwitwariye canke kwinjira mu rubanza, bigizwe n'umuntu akorera mu Burundi akazi k'urudandaza ariko atanditswe mu gitabu c'urudandaza, ntivyakirwa, iyo bifise imvo ku bikorwa bijanye n'urudandaza.

Uko kutakirwa kurategukwa na sentare n'aho ata muburanyi yoba yabishikirije abisaba. Uko kutakirwa ntigutegekwa iyo uwo vyega yiyandikishije, n'aho yobikora urubanza ruriko ruraburanishwa.

Ingingo ya 56

Azohanwa n'ihadabu ry'amafaranga ava ku bihumbi 10.000 gushika ku bihumbi ijana 100.000, umuntu wese, afise aho akorera hakuru, ahandi hose hamwunganira, atabimenyesheje mu gusaba inomeri, canke atasavye ngo bavyandike.

Azohanwa ingero ko kabiri nk'uko bitegekanijwe mu gace duhejeje, uwo wese azokorera igikorwa c'urudandazwa kandi bamwankiye kumuha inomeri mu gitabu nk'uko bitegekanywa n'ingingo ya 45 twarenganye canke babifuse nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 54 y'iri tegeko-bwirizwa.

Ku vyavuzwe aho hejuru muri iyi ngingo, sentare yatatswe irashobora gushinga iyugarwa ry'icicarico gikuru haba aho akorera urudandazwa canke ahunganira aho. Ingingo yo kwugara ikurikizwa kuva ku muni ugira gatatu inyuma y'aho nyene n'Umushikirizamanza.

Ingingo yo kwugara ikurikizwa kuva ku muni ugira gatatu inyuma y'aho nyene kwugarirwa agabishirijwe n'Umushikirizamanza.

Iyo ingingo yo kwugara irenzweko, Umushikirizamanza aca yugara iyo nyubakwa kandi agafata ingingo za ruhasha. Umuntu wese azorenga iyo ngingo yo kwugara azohanishwa ihadabu ritarenga amahera 2.000.000.

Ingingo yo kwugara ihindurwa n'uko iyandikwa mu gitabo ribaye.

Ingingo ya 57

Azohanishwa ihadabu riva ku mafaranga 5.000 gushika ku bihumbi 20.000, umuntu wese, turetse ibitegekanijwe n'ingingo ya 56 ari mu vyo kwiyandikisha mu rutonde rw'abadandaza canke mu bijanye n'ivyo, canke mu gusaba iyandikwa ryongera ku rya mbere, azoba yandikishije ibitari vyo n'impaka, canke ibidakwiye.

Azohanishwa ihadabu ry'amafaranga ava ku bihumbi 10.000 gushika ku bihumbi 50.000 iyo uko kubavuga canke kudatomora bifatiye ku mvo zotuma uko gusaba kwandikisha vyunganira canke inomeri bavyanka, canke bakamufuta mu gitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji.

Ingingo ya 58

Kizohanishwa ihadabu riva ku mafaranga 10.000 gushika ku bihumbi 20.000 icaha icarico cose c'ingingo ya 46 y'iri tegeko-bwirizwa.

IKIGABANE CA VII UKUMENYEKANISHA

Ingingo ya 59

Umuntu wese arashobora kumenya ku buntu ivyanditswe mu gitabo c'urudandaza agisanzwe mu bwandikiro bw'imanza bwa sentare y'ubudandaji, arashobora n'ukuronswa n'amakopi ya bimwe mu vyanditswemwo abirihye.

IKIGABANE CA VIII INGINGO Z'AMAKORI

Ingingo ya 60

Igitigiri c'amahera yakirwa n'umwanditsi w'imanza yerekeye ivy'igitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji gishingwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ashinzwe ubutungane. Ni co kimwe, n'amahera atangwa kugira umuntu aronke amakopi y'ibice ashatse vy'ico gitabu c'ubudandaji.

Menya neza

Raba Itegeko nshikiranganji n° 550/540/549 ryo ku wa 17 Nyakanga 1999 rivuga ivy'ihinduka ry'urugero rw'amatagisi akoreshwa mu Bushikiranganji bw'Ubutungane.

IKIGABANE CA IX INGINGO ZIDASANZWE

Ingingo ya 61

Agace k'amasezerano y'ukwabirana gategekaniye mu ngingo ya 15 y'iri tegeko-bwirizwa yerekeye amasezerano y'abubatswe b'abadandaza, kazokwandikwa nk'ivyongeweko mu gitabu c'urudandaza, bikazokwandikwa n'umwanditsi w'imanza ata kirinze gusabwa.

Ingingo ya 62

Ingingo ziri mu gice ca gatanu zerekeye igitabu candikwamwo abadandaza n'ubudandaji, ntizifata abadandaza batagira icicaro. Ariko, umudandaza atembereza ibidandazwa akabifatanya n'urudandazwa rufise icicaro ashoboye gusanga bamufatishije izo ngingo kuri urwo rudandazwa rufise icicaro, iyo ari rwo kazi kiwe nyamukuru.

IGICE CA VI IHIGANWA RITEYE KUBIRI N'AMATEGEKO

IKIGABANE CA I INGENDO ZIHUSHANIJE N'IHIGANWA

Ingingo ya 63

Bavuga ko ihiganwa riciye kubiri n'amategako iyo umudandaza ateje urubwa uwo bahiganwa, amutwaye abamushorera canke muri rusangi agabanije ububasha bwiwe bwo guhiganwa akoresheje ingendo ihushanye n'imico ibereye mu vyerekeye urudandazwa.

Ingingo ya 64

Birabujijwe, iyo bifise intumbero canke bishobora kubuza, kugabanya canke guhubisha ihiganwa kw'isoko, ibikorwa vyumvikanywe, amasezerano, imyumvikano itomowe canke idatomowe, hamwe n'imirwi yiyunze iyo bifise intumbero nk'izi :

1° kugabanya uburenganzira bwo gushika ku masoko canke bwo guhiganwa mu mwidegemvyo, ku yandi mashirahamwe ;

2° kubuza ishingwa ry'ibiciro rifatiye ku kugene isoko riri, mu gutuma haba iduzwa canke imanurwa ry'ibiciro ataho rihagaze ;

3° kugabanya canke gutegeka uko ushatse urugero rw'umwimbu, amasoko, imitahe canke iterambere ry'ubuhinga ;

4° kugabanganya amasoko canke amasumiro.

Ingingo ya 65

Birabujijwe muri ubwo buryo nyene buvugwa mu ngingo ya 64, ko ishirahamwe canke umurwi urenza urugero mu kwishimikiza kur'ibi bikurikira :

1° kugira inguvu zirengeye iz'abandi ku masoko yo mu gihugu hagati canke ku gice kiboneka cayo ;

2° kuba ufise ubushobozi ku rindi shirahamwe ushorera canke ugurira, bivuye ku kubera rigukeneye mu vyerekeye ubutunzi. Uko kurenza urugero kubonekera nko mu kwanka kugurisha, mu kugurisha ikintu ku muntu ari uko aguze n'ikindi umutsindikirako, canke mu kutafata kumwe abagura mu vyo basabwa mu kugura, hamwe n'ugusambura imigenderanire

y'ukudandaza yari ihasanzwe, ku mvo yo nyene y'uko uwo mwahorana yanse kwemera ivy'umusaba bidasanzwe umuhatirako mu kugura n'ukugurisha.

Ingingo ya 66

Iyemezwa ryose, amasezerano canke ingendo yumvikanyweko yerekeye ibikorwa bibujijwe n'izi ngingo za 64 na 65 zisherutse ni impfagusa.

Ingingo ya 67

Ibindi bifatwa nk'ingiro zihushanye n'imico myiza itunganye mu vyerekeye urudandaza ni nk'ibi :

1° kuvangitiranya canke kugerageza kuvangitiranya uko umuntu ari canke izina ryiwe n'ikigo akoreramwo, canke n'ibidandazwa vy'uwo bahiganwa ;

2° gukwiragiza inkuru z'ibinyoma zidendereza zerekeye uwundi mudandaza ubwiwe, ishirahamwe ryiwe, ibidandazwa vyiwe canke abakozi biwe ;

3° kumenyesha ukutariko ubudandaji bwiwe, ihinguri ryiwe canke ibicapo vyiwe, ivyo ahingura, inzandiko zemeza ivyo yisangije guhingura, ibimuranga, udushimwe yahawe, kuri kamere k'ivyo ahingura canke k'ibidandazwa vyiwe, uko abikora, iyo biva, ico bikorwamwo, n'uburyohe canke akaranga kavyo ;

4° gushira ku bidandazwa kama canke bihinguwe bisanzwe ngaho canke vyazanywe mu ntumbero y'ukubidandaza canke kuzobishira kw'isoko, canke ku vyo bitekeyemwo, izina rizwi ry'igihingurwa canke ikidandazwa, izina, ikimenyetso canke ikindi cose cemeza ko ivyo bintu vyamuka canke vyaje biva ahandi hantu atari aho vyamuka canke vyavuye vy'ukuri ;

5° kwemeza ko ivyo bintu vyamuka canke vyaje bivan ahanaka atari ah'ukuri, nko mu kwongerako, kugabanya canke guhindura mu buryo ubwo ari bwo bwose ikidandazwa, izina canke icanditsweko, nko mu guca ku mamenyekanisha, inzandiko canke ibimanikwa, nko mu kwikorera amafagitire, inzandiko zemeza inkomoko canke aho vyaje biva atari ivy'ukuri, canke mu bundi buryo bwose ;

6° gukoresha bitarekuwe, ibigereranyo, ibicapo, ibidandazwa bitangwako akarorero, gukoreshereza rimwe ubuhinga butandukanye canke uburyo bw'uguhingura bw'uwo muhiganwa atabikurekuriye, hamwe no, muri rusangi, ivyo vyose uba wabwiwe canke inzandiko wahawe, mu ntumbero y'ukurangura igikorwa, icigwa, canke integuro inonosoye y'igikorwa n'amafaranga gikenera ;

7° gukoresha bitarekuwe igikoresho c'uwo muhiganwa, ico atekeramwo, ivyo abuganzamwo ivyo ahinguye, naho utoba ugomba kuvyiyitirira, canke kwitiranya abantu, inzu z'amahinguriro canke ibidandazwa ;

8° gukoresha amazina, ivyapa bishobora kwitiranywa n'ibindi bisata vya Leta n'ibigo vyegamiye Leta, canke bishaka kwemeza ko umuntu yoba arangura ibikorwa yatumwe n'intwaro.

Ingingo ya 68

Inama ijejwe ihiganwa ishobora gushirwaho n'itegeko-bwirizwa kugira ihe ivyiyumviro vy'ubuhinga Leta canke imirwi y'inze nshingamategeko ku nteguho z'amabwirizwa hamwe no ku kibazo cose cerekeye ihiganwa n'ibiciro. Iyo nama ishobora n'ugusabwa icyumviro kuri ivyo bibazo nyene babisabwe n'uturere tw'intwaro twigenga, imirwi y'akazi n'amashirahamwe y'abakozi, imirwi y'abaguzi yemewe n'amategako, ibigo vy'ubudandaji, vy'amahinguriro, uburimi n'utugenegene mu vyerekeye inyungu bajewe.

Ingingo ya 69

Inama ijejwe ihiganwa iranashobora kubazwa na Leta ku nteguho iyo ari yo yose y'itegeko rishaka gushinga ingingo nshasha zituma haba ubwo nyene izi nkurikizi zivuzwe aho hefpo :

1° kwimira kugirango umwuga munaka canke isoko rinaka ntibishobore kwinjirwamwo n'uwushaka wese ;

2° gushiraho uburenganzira bwegukira bamwe bamwe bonyene mu turere tumwe tumwe ;

3° gutegeka ingendo imwe mu vyerekeye ibiciro canke ingene badandaza.

Ingingo ya 70

Itunganywa, abayigize, ububasha, n'ingene Inama y'ihiganwa ikora bitomorwa n'Itegeko.

IKIGABANE CA II

UGUHASHA IHIGANWA RICIYE KUBIRI N'AMATEGEKO

Ingingo ya 71

Bisabwe n'uwo wese vyega, sentare y'ubudandaji iratega ihagarikwa ry'ibikorwa bihushanye n'imico iroranye mu vyerekeye urudandaza.

Ingingo ya 72

Igihe iyo ngingo yafashwe yabaye ntabanduka uwo wese yorenga ku vyashinzwe no ku vyabujijwe muri yo ahanwa n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu 50.000 gushika ku miriyoni zibiri 2.000.000.

Sentare irashobora gutegeka kumenyekanisha urwo rubanza mu kurumanika ahabona mu bigo vy'uwakosheje, canke ahandi, mu kiringo sentare ishinze, kandi hakoreshejwe uburyo burihwa n'uwakosheje.

Irashobora kandi gutegeka ko urubanza rumenyekanishwa mu binyamakuru ku buryo bw'uwo nyene yamenyekanishijwe.

Iyo adahaha naho, ihadabu rirashobora kugwizwa na kabiri.

Ku bw'iri tegeko-bwirizwa, kudahaha ni iyo umuntu aciriwe igihano ntabanduka kubera yarenze ku vyategetswe canke ku vyabujijwe n'abacamanza mu rubanza rw'imbere, hanyuma agasubira kurenga bushasha kuri nya rubanza nyene rw'imbere, mu kiringo kitarenze imyaka itanu.

Ukurenga kuri iyi ngingo bikurikiranwa gusa iyo abo vyega canke umwe muri bo bavvisabiye.

Ingingo ya 73

Ata kurengera ibitegekanijwe mu gitabu c'amategoko y'akazi yerekeye uburenganzira bwo kugaragaza akazi, azohanishwa umunyororo uva ku kiringo c'ukwezi kumwe gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu 50.000 gushika ku miriyoni zibiri 2.000.000 canke kimwe muri ivyo bihano bibiri, uwo wese akoresheje iterabwoba, guhohotera, inguvu, impaka canke ubundi buryo budatomoye azoba yatumye canke yashigikiye ihagarikwa ryumvikanywe ry'akazi mu ntumbero yo kuduza canke kumanura imishahara canke guhungabanya irangurwa ry'igikorwa canke ry'akazi.

Menya neza

Iyo ngingo ikura ikongera igasubirira ingingo ya 237 y'igitabu c'amategoko mpanavyaha (I.L.B., 1981, n° 6, p. 279). Gereranya n'ingingo ya 122, 2°, *hepfo*.

Ingingo ya 74

Azohanishwa umunyororo kuva ku kwezi kumwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu 50.000 gushika ku miriyoni zitanu 5.000.000 canke igihano kimwe gusa muri ivyo bibiri, umukozi wese canke umukozi wo mu buyobozi, yomena amabanga y'ingene ishirahamwe ryiwe rihingura ibintu, abibwira abandi bantu batari muri iryo shirahamwe, ata ruhusha abifitiye.

Menya neza

Iyo ngingo ngenderwako ikura ikongera igasubirira ingingo ya 288 y'igitabu c'amategoko mpanavyaha (I.L.B., 1981, n° 6, p. 279). Gereranya n'ingingo 122, 2°, *hepfo*.

Ingingo ya 75

Azohanishwa ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 74 iri aho hejuru :

1° uwo wese azoba yabaye intambamyi kw'ihiganwa mu mwidegemvyo ry'urudandaza canke intambamyi ku bikorwa vy'ugusuma bisanzwe vy'abadandaza badandaza kimwe kimwe canke vy'abanyagihugu, akabigira abikoranye n'abandi bumvikanye, mu gutanga inkuru zitarizo canke zihengamye, canke mu gukoresha iterabwoba, inguvu, canke mu kunyegera ibidandaza abitse canke ibikoreshe yigumizako canke agumiza ku wundi ;

2° uwo wese, mu magurisha y'icamunara, canke mw'itangwa ry'amasoko ku mugaragaro, azoba yabaye intambamyi canke

yahungabanije umwidegemvyo w'abahiganwa mu gusumbasumbanya ibiciro canke w'abashikiriza ivyabo, akabigira akoresheje inguvu, iterabwoba, ivyo yemerera abandi, inkuru zitarizo, kwumvikana ku biciro canke ikindi cose cumvikanywe giciye mu busuma.

Menya neza

Iyi ngingo ikura ikongera igasubirira ingingo za 289 na 290 z'igitabu c'amategoko mpanavyaha (I.L.B., 1981, n° 6, p. 279). Gereranya n'ingingo 122, 2°, *hepfo*.

Ingingo ya 76

Azohanishwa igihano c'umunyororo uva ku myaka itanu gushika kuri cumi n'ihadabu y'amahera ava ku bihumbi mirongo itanu 50.000 gushika ku miriyoni mirongo zitanu 5.000.000 canke kimwe gusa muri ivyo bihano :

1° umudandaza wese, umunyatugenegene, umukuru w'ishirahamwe, canke muri rusangi, umuntu wese n'aho yoba abigira rimwe na rimwe, agirirana amasezerano canke isoko na Leta canke akarere k'intwari kigenga, yishimikiye ubutegetsu n'ubushobozi bw'abantu bakora batumwe na Leta, ibigo vya Leta, amashirahamwe yegamiye Leta, canke ayo Leta icanzemwo imitahe n'abakora ivyabo, amabanki, imirwi yigenga y'abaguzi, y'amahunguriro, canke y'uburimiye canke ikigo c'abakora ivyabo gitunganya igikorwa ca Leta, kugira ngo baduze ibiciro bisanzwe bikurikizwa canke bagahindura ku nyungu zabo imero nziza y'ibidandazwa canke ikiringo c'ukubishikirizako ;

2° uwo wese ahuza abagurisha n'abagura atabirekuriwe, atuma ibiciro biduga ata gituma, agahindura ku nyungu ziwe imero nziza y'ibidandazwa canke agahungabanya ikiringo c'ukubishikirizako, ata mvo z'ukuri zitumwe n'ibikenewe mu guhanahana ibidandazwa.

Menya neza

Iyo ngingo ya 76 ikura ikongera igasubirira ingingo ya 291, uduhimba twa 2 na 3 y'igitabu c'amategoko mpanavyaha kandi inasubiramwo mu numero yayo ya 2°, agahimba ka 4 k'ingingo ya 291 y'igitabu c'amategoko mpanavyaha (I.L.B., 1981, n° 6, p. 279 na 280). Gereranya n'ingingo 122, 2°, *hepfo*.

IGICE CA VII GUKINGIRA UMUGUZI

IKIGABANE CA I INGINGO NKURU NKURU

Igihimba ca 1 Umuguzi

Ingingo ya 77

Mu gushira mu ngiro iri tegeko-bwirizwa, ijamba umuguzi risigura uwo muntu wese canke ishirahamwe, yigarurira canke agakoresha ibintu canke ibikorwa biri ku masoko, atabikora nk'ivy'umwuga.

Igihimba ca 2

Ibirabwa n'ingingo ziri mur'iki gice

Ingingo ya 78

Ingingo zo muri iki gice zikoreshewa ku masezerano ayo ariyo yose hagati y'umuguzi n'umudandaza mu rudandaza rwiwe kandi bijanye n'ikigurwa canke igikorwa.

Izo ngingo ntizikurikizwa ku butunzi bugizwe n'inzandiko n'ubundi butunzi bugizwe n'uguhanaahana n'ukubitsa amafaranga bugengwa n'amategoko yerekeye ibikorwa vy'uguhanaahana amafaranga n'amasoko y'amafaranga.

Igihimba ca 3

Amasezerano ajanye n'ibintu n'ibikorwa

Ingingo ya 79

Birabujijwe kwanka kugurisha ikidandazwa ku muguzi canke kwanka kumurangurira igikorwa, kiretse ku mvo zemewe, nkuko bibujijwe gutegeka ko ikintu kitagurishwa kiretse uwugura ashikanye ku bwinshi bunaka ahatiweko, canke arinze

kukigurira rimwe n'ikindi kintu canke igikorwa atsindikiriweko, kimwe n'ugutegeka ko igikorwa kimukorerwa ari uko na we akoze ikindi kimutegetswe, canke abanje kugura ikintu.

Ingingo ya 80

Umuguzi arashobora gusaba ko amasezerano aba impfagusa canke igabanywa ry'ivyo asabwa muri ayo masezerano mu gihe hibonekeza hagati y'ivyo impande zose zemeye ubusumbane bunini ataho butandukaniye n'ugucura bufuni na buhoro umuguzi, canke mu gihe ivyo asabwa birengeye urugero, birimwo akarenganyo canke bidasanzwe.

Ingingo ya 81

Mu kwihweza ingene umuguzi yemeye amasezerano, sentare itegerezwa kwisunga imibereho y'impande zose, ibihe amasezerano yabereyemwo hamwe n'akarusho kegukira umuguzi bivuye kuri ayo masezerano.

Ingingo ya 82

Nta birihwa bishobora gusabwa umuguzi, kiretse igihe amasezerano abitegekanywa, agatomora igitigiri.

Ingingo ya 83

Amasezerano agizwe hagati y'abantu batari kumwe afatwa ko yabereye ku cicaro c'umuguzi.

IKIGABANE CA II IMENYEKANISHA RY'IBIDANDAZWA

Ingingo ya 84

Mw'ishirwa mu ngiro ry'iri tegeko-bwirizwa, imenyekanisha ry'ibidandazwa risigura itangaza ryose ryerekeye bimwe biboneka canke bihinyitse, guteza imbere igurishwa ry'ibidandazwa canke imirimo, harimwo ibitimuka, ivyo ufitiye uburenganzira n'ivyo utegerezwa, hatarinze kurabwa aho iryo tangazo ribereye canke ibikoreshe vyakoreshejwe mu kurishikiriza.

Ingingo ya 85

Hatirengagijwe izindi ngingo z'amabwirizwa canke z'amategeko, harabujijwe imenyekanisha ry'ibidandazwa :

1° rifise ivyemezo ndangakintu, bihenda ku karanga, kuri kamere, ibigikoze, amamuko, igitigiri n'ingene kiboneka, ubuhinga n'igihe ico kintu cakoreweko, canke ibikiranga canke inkurikizi kigira ku bidukikije.

Ibiranga ikidandazwa bisigura uturusho gitanga ufatiye nko ku bigikoze, ku buryo gikoresheha hamwe n'ivyo umuntu yokwitega kw'ikoresheha ryaco, uburyo gishobora kugurwa n'igiciro canke ingene ico giciro gishingwa hamwe n'ubwoko bw'isuzumwa n'igenzurwa vy'ico kintu n'ibikorwa uwakigurishije agikorera kimaze kugurwa ;

2° rifise ivyemezo vyotuma umuntu yihenda ku karanga, kamere, ibigize, umwanya, ukuboneka, igihe canke ibiranga umurimo. Ibiranga umurimo, bisigura uturusho tw'umurimo ufatiye nko kubiwigize, ivyo umuntu yokwitega mw'irangurwa ryawo, ibisabwa kugirango umuntu awukorerwe, nk'igiciro cawo n'ingene gishingwa, hamwe n'ubwoko bw'isuzumwa n'igenzurwa vyakorewe uwo umurimo ;

3° rifise ivyemezo ndangakintu bishobora guhenda umuntu ku biranga uwagurishije ikintu canke igikorwa ;

4° riba ku buryo uwugurisha ahisha inkuru zikomeye mu ntumbero y'uguhenda abantu kur'ivyo vyadondaguwe ku numero 1, 2 na 3 ;

5° mu gihe usanga, hihweje inkurikizi ritanga, harimwo n'ingene rishikirizwa, ritibonekeza neza kandi riterekana na hamwe ijamba « ukumenyekanisha » mu buryo busomeka, buboneka, bugaragara kandi budashobora kwitiranywa n'ikindi ;

6° rimwo ibintu bisuzuguzwa ku wundi mudandaza, ibintu vyawe, imirimo yiwe n'igikorwa ciwe ;

7° rimwo ibigereranyo bihenda, bisuzuguzwa canke bituma kandi bidakenewe umuntu ashobora kumenya umwe canke abandi badandaza bavuzwemwo ;

8° rimwo ivyotuma haba kwitiranywa n'uwundi mudandaza, ibidandazwa vyawe, imirimo yiwe canke ico akora ;

9° riraba itangwa ry'ibidandazwa canke ry'imirimo, mu gihe umudandaza adafise ibidandazwa bikwiye canke adashoboye kurangura imirimo itegerezwa mu bisanzwe kuba itegekanijwe, ufatiye ku kugene iryo menyekanishwa rikoeye ;

10° rirenza urugero mu kuvuga ibijanye n'ukugirira akarusho amagara y'umuguzi, kandi ryerekeye ibintu canke ivyuma atari imiti.

Ingingo ya 86

Umushikiranganji ajejwe ubudandaji arashobora, akoresheje Itegeko nshikiranganji, ku bidandazwa, imirimo, imirwi y'ibidandazwa canke y'imirimo atomoye :

1° kubuza canke kugabanya imenyekanishwa ry'ibidandazwa ku mpamvu z'umutekano w'umuguzi n'ibidukikije ;

2° gutomora ibintu bidashobora guhara mu bishikirizwa n'imenyekanishwa mu ntumbero yo kuronsa umuguzi inkuru irushirije.

Ingingo ya 87

Umushikiranganji ajejwe ubudandaji arashobora, mu gihe abona bikenewe mw'ikingirwa ry'abaguzi :

1° gutomora ibigize ikidandazwa, ubwiza hamwe n'izina ikidandazwa kibwirizwa kugira, kugira gishobore kugurishwa, gutangwa canke gushirwa ahabona mu bigurishwa ;

2° gutegeka gushirako ikimenyetso c'indangakintu zimwe zimwe, nko kubiraba cane cane amamuko, ibigize, uburemere, ubwaguke, igitigiri canke uburebure bw'ibidandazwa bidondorwa mu gahimba ka 1 k'iyi ngingo. Aratomora bivanze n'igihe, ko izo ndangakintu zitegerezwa gushirwa ku bidandazwa canke kubibitekeye canke ku rwandiko urwo ari rwo rwose ruvuyekeye.

Ingingo ya 88

Hirengagijwe ibiri mu ngingo ya 440 y'igitabu c'amategeko mpanavyaha, ivyaha vy'ukurenga ku ngingo zishira mu ngiro zifashwe zishingiye ku ngingo za 86 na 87 ziri aha hejuru bihanishwa ihadabu riri hagati y'amafaranga ibihumbi mirongo ibiri 20.000 n'amajana abiri 200.000.

Mu gihe habaye ukudahasha, nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 72 y'iri tegeko-bwirizwa, ico gihano kirashobora kugwizwa na kabiri.

IKIGABANE CA III IGURISHA RY'IBIDANDAZWA N'IMIRIMO KU MUGUZI

Igihimba ca 1

Gutegerezwa guha inkuru umuguzi

Ingingo ya 89

Hatarenze umunsi w'igurisha, uwugurisha ategerezwa guha umuguzi ata buryarya inkuru z'ukuri kandi zikenewe zerekeye ibiranga ikidandazwa canke umurimo hamwe n'ibisabwa mw'igurisha, hisunzwe inkuru umuguzi yatomeye ko akeneye, hisunzwe kandi ico umuguzi avuga ko azokoresha ico aguze canke ico biboneka ko azogikoresha.

Igihimba ca 2

Amasezerano arimwo agahototo

Ingingo ya 90

Mu gushira mu ngiro iri tegeko-bwirizwa, ingingo y'agahototo ni iyo ngigo canke igisabwa, ari yonyene canke ifatanye n'izindi, ituma haba ubusumbane bugaragara hagati y'uburenganzira n'ibisabwa hagati y'abagiraniye amasezerano.

Ingingo ya 91

Mu bishizwe mw'igurishwa hamwe n'igurishwa ry'ibidandazwa n'imirimo hagati y'uwugurisha n'umuguzi, ingingo n'ibisabwa vy'agahoto ni ingingo n'ibisabwa, canke urufatikanze rw'ingingo n'ibisabwa bifise intumbero yo :

1° gutegekanya mu gihe co gushira umukono ku masezerano, ko umuguzi yiyemeza ubwo nyene kandi ubutacisubirako, nayo uwugurisha akyemeza yiziganiriza igisabwa kizoboneka bivuye ku gushaka kwiwe kwonyene ;

2° guhindagura ibiciro hisunzwe ibintu biva ku gushaka kw'uwugurisha wenyene ;

3° kurekera uwugurisha uburenganzira bwo guhindura wenyene ibiranga ikintu co gutanga canke umurimo wo kurangura, igihe ivyo bikiranga bifise akamaro kanini ku muguzi canke kw'ikoresha umuguzi agitegekaniriza, mu gihe iryo koresha ryibonekeza ;

4° gushinga canke guhindura wenyene igihe co gutangirako ibidandazwa canke igihe co kuranguriramwo umurimo ;

5° guha umucuruza ububasha/uburenganzira bwo kwemeza wenyene ko (ikidandazwa) gitanzwe canke umurimo uranguwe bihuye n'amasezerano ;

6° kubuza umuguzi gusaba ifutwa ry'amasezerano mu gihe umucuruza adashira mu ngiro ivyo asabwa ;

7° kugabanya uburenganzira (ububasha) bw'umuguzi bwo kwikura mu masezerano mu gihe, mu vyerekeye ivyo asabwa ku bijanye n'ukwizeza, umucuruza atubahiriza ivyo asabwa mu gukoresha (canke gusubiriza) icononekaye canke mu kutavyubahiriza, mu kiringo cumvikana ;

8° gutegeka umuguzi gushira mu ngiro ivyo asabwa ariko umucuruza atashize mu ngiro ivyosabwa canke atabitunganiye neza nk'uko abisabwa ;

9° hadahonyowe ingingo ya 82 y'igitabu ca gatatu c'amategeko agenga imanza z'amatazi, kurekurira umucuruza guhagarika canke guhindura amasezerano wenyene, adashumbushije umuguzi, kiretse mu gihe haje ingorane giturumbuka ;

10° no mu gihe haje ingorane giturumbuka, kurekurira umuguzi guhagarika amasezerano abanje gutanga indishi y'akababaro ;

11° gukurako umuguzi icaha bivuye ku buryarya bwiwe, kw'ikosa ryiwe rikomeye canke ry'abakozi biwe canke intumwa canke bivuye ku kudakurikiza kimwe mu vyo asabwa mu bijanye n'irangurwa ry'ibihambaye mu masezerano ;

12° gukura canke kugabanya ukwizera gutegekanijwe mu bijanye n'utunenge duhishije gutegekanywa n'ingingo ya 318 gushika ku ya 326 z'igitabu ca gatatu c'amategeko agenga imanza z'amatazi ;

13° gushinga igihe gito kitumvikana co kumenyesha utwo tunenge ku bacuruza ;

14° kubuza umuguzi kuguranuza ideni afitiye umucuruza n'umwenda uwo mucuruza yoba asanzwe amufitiye ;

15° gutegekanya urugero rw'indishi umuguzi atashize mu ngiro ivyo ategerezwa atanga, hadategekanijwe indishi nk'iyi nyene ku mucuruza nawe nyene atashize mu ngiro ivyo ategerezwa ;

16° gukoresha umuguzi mu kiringo kitazwi, hatamenyeshejwe ikiringo amasezerano ashobora guhakanwa ;

17° kwungururiza amasezerano ku kiringo kitumvikana igihe umuguzi atakuyemwo akarenge mu kiringo cari gitegekanijwe ;

18° kugabanya uburyo bw'ivyemezo umuguzi ashobora kwikorako ;

19° guhebesha umuguzi, mu gihe c'amatazi, uburyo bwose yo kwikorako mu kuburanya umucuruza ;

20° gushinga urugero bw'indishi z'akababaro zisabwa mu gihe kitashizwe (mu ngiro canke icarerwa ry'ishirwa mu ngiro y'ivyo umugenzi asabwa-zirenze kure bimwe biboneka ikosa umucuruza yoba yakorewe.

Ingingo ya 92

Hatirengagijwe ibindi bihano bitegekanijwe n'amategeko asanzwe, ingingo n'ibisabwa, hamwe n'ifatirwahamwe ry'ingingo n'ibisabwa bivugwa mu ingingo ya 91 iri aho hejuru, vyose ni impfagusa kandi birabujijwe.

Ingingo ya 93

Mu kunganisha ibifitiye uburenganzira n'ibisabwa ku mpande zompi mw'igurishwa ry'ibidandazwa canke imirimo ku muguzi canke mu gufasha urudandaza rwisunze amategeko, Umushikiranganji ajejwe ubudandaji-ku mice y'ubudandaji canke imigwi y'ibidandazwa canke imirimo atomora-ashobora gutegeka canke kubuza ikoresha y'ingingo zimwe zimwe mu masezerano ku muguzi. Arashobora no gutegeka ikoresha ry'amasezerano asanzwe ateguwe.

IKIGABANE CA IV

KWITWARIRA NGO HAHAGARIKWE IBIGIRWA BITANDUKANYE N'INEZA Z'UMUGUZI

Ingingo ya 94

Harabujijwe ingingo yose yotuma umucuruza agirira nabi umuguzi umwe canke benshi.

Ingingo ya 95

Sentare y'ubudandaji imaze kubibona irasaba ihagarikwa ry'ingingo no mu gihe isanzwe ihanwa nk'icaha, mugabo ikaba icaha hisunzwe ingingo ziri mw'Itegeko-bwirizwa. Irashobora kubuza imenyekanishwa ry'ibidandazwa ryadondowe mu ingingo ya 85 (imbere y'iyi), mu gihe ritari bwatangazwe ariko itangazwa ryayo riri hafi cane.

Ingingo ya 96

Sentare y'ubudandaji irashobora guha uwagira iryo kosa ikiringo co kwikosora canke ikamutegeka guhagarika ibikorwa. Irashobora kumurekurira gusubira gukora mu gihe bigaragaye ko yikosoye.

Ingingo ya 97

Igikorwa gishingiye ku ngingo ya 94 aho hejuru gasabwa :

1° n'abo vyega ;

2° n'ubushikiranganji buraba ubudandaji ;

3° n'ishirahamwe rijejwe gukingira inyungu z'abaguzi kandi ryemewe imbere y'amategeko.

Ingingo ya 98

Sentare y'ubudandaji irashobora gutegeka kumanika ku mugaragaro iyo ngingo canke itsitso yayo mu kiringo itomora yo nyene, haba mu bibanza uwagira ikosa asanzwe akoreramwo canke ahandi, kandi igategeka ko urubanza yaciriwe canke ingingo zarwo zitangazwa haba mu kinyamakuru canke mu bundi buryo, ivyo vyose bikarishwa n'uwagira ikosa.

Yamara rero izo ngingo zo gutangara zifatwa mu gihe ziri n'ico zifasha mu guhagarika iryo kosa canke ingaruka zaryo.

IKIGABANE CA V

IBIHANO

Ingingo ya 99

Abahanishwa ihadabu yo kuva ku mafaranga ibihumbi ijana 100.000 gushika ku majana abiri 200.000 :

1° abatubahiriza ivyashinzwe n'urubanza rwaciwe rwisunze ingingo za 94 na 96 ziri aho haruguru iyo habaye ihagarikwa ;

2° abafuta, abazimanganya canke abatabura n'impaka inzandiko zose canke zimwe mu nzandiko zamanitswe ahagaragara mu ntumbero yo kwubahiriza ingingo za 98 na 101 zo muri iri tegeko-bwirizwa, baba abavyonona ubwabo canke abatuma abandi.

Ingingo ya 100

Mu gihe ibirego bitanzwe muri sentare bijanye n'urubanza rwo guhagarika, urubanza rw'ivyaha rwumvirizwa ari uko habanje gucika urubanza rw'amatazi ntabanduka rwerekeye igikorwa co guhagarika.

Mu gihe habaye ukudahaha, igihano gitegekanijwe mu ngingo ya 99 kigwizwa na kabiri.

Ingingo ya 101

Sentare irashobora gutegeka ko urwo rubanza rwaciwe canke ingingo zarwo zimanikwa ahagaragara mu kiringo itomora yonyene haba mu bibanza uwagira ikosa akoreramwo canke ahandi, kandi ni we abiriha, co kimwe n'ugutangaza urubanza canke ingingo zarwo biciye mu kinyamakuru canke mu bundi buryo ; na vyo nyene bikarohwa n'uwagira ikosa ; ishobora kandi gutegeka ko inyungu zose zavuye muri iryo kosa zifatwa.

Ingingo ya 102

Amasosiyete n'ayandi mashirahamwe y'ubudandaji yemewe n'amategeko akurikiranwa mu ntumbero yo gutangishwa indishi z'ivyononekaye n'inyungu zavyo, amahadabu, ifatwa ry'amatungo, isubizwa ry'ivyononekaye n'inyungu zavyo, amahadabu, ifatwa ry'amatungo, isubizwa ry'ivyononekaye n'ibindi bihano vyose vyerekeye amahera bitegekanirijwe abazorenga ku ngingo zo muri kino kigabane bari mu nzego zayo canke mu bakozi bayo.

Ayo mashirahamwe aharanira inyungu n'ayadaharanira inyungu ashobora kuregwa muri sentare y'ubudandaji n'Umushikirizamanza canke uwusaba indishi.

Menya neza

Raba ingingo za 26, 122 na 123 mu gitabu c'amategeko agenga amashirahamwe yigenga n'aya Leta, *hefyo*.

IGICE CA VIII

UBURENGANZIRA BW'UGUKOTESHA

Menya neza

Gereranya n'igitabu c'amategeko agenga imanza z'amatati, igitabu ca III, igice ca V, ikigabane ca II, ingingo zo kuva ku ya 374 gushika ku ya 426.

IKIGABANE CA I

AHO AKORESHWA

Ingingo ya 103

Ibitagamijwe muri iki kigabane bigenga ikoteshwa ry'amazu n'inyubakwa zikororwamwo umutahe w'umudandaza, no mw'ikoteshwa ry'inyubakwa n'amazu vyongewe ku nzu nkuru ikoteshwa mu budandaji mu gihe kubiheba bishobora kwonona ikoteshwa ry'umutahe kandi bikaba vyegukira nyene inyubakwa n'amazu arimwo icicaronyamukuru c'ubwo budandaji.

Ingingo ya 104

Ikiringo c'ikoteshwa gitomorwa na bene amasezerano.

Mu gihe bidatomowe mu masezerano, ikiringo kiba imyaka ibiri.

IKIGABANE CA II

UKWONGERA IKIRINGO CO GUKOTESHA

Ingingo ya 105

Nta wundi afise uburenganzira bwo gusaba ko ikiringo co gukotesha congerezwa atari nyene umutahe w'ubudandaji buharangurirwa.

Ingingo ya 106

Tutisunze ingingo ya 393 y'igitabu ca III c'amategeko agenga imanza z'amatati, amasezerano yo gukotesha avugwa muri iki kigabane nta na kimwe gishobora kuyahagarika atari akaruhuko kumvikanywe hisunzwe imigenzo ya kamenyere yaho kandi kakamenyekana hagsigaye n'imiburiburi amezi atandatu.

Hatabaye ako karusho amasezerano yo gukotesha arabandanya ikiringo cayo kikongerezwa, ingingo ya 104 iri aho hejuru, nk'uko biri mu ngingo ya 394 y'igitabu ca III c'amategeko agenga imanza z'amatati.

Ako karuhuko gategerezwa gutomora imvo zituma kabaho no kumenyesha ko nyene gukuta arindiriye, kumbure guhakana ako karuhuko, canke gusaba inshumbusho yo kwirukanwa, nayo ahandi ako karuhuko kaba ubusa. Nyene gukuta abwirizwa kwitura sentare y'ubudandaji mu kiringo c'amezi atatu kuva amenyeshejwe ako karuhuko, atari aho ntiyakirwa na sentare.

Ingingo ya 107

Nyene gukuta mu gihe yipfuza kwongerwa ikiringo abwirizwa kubisaba hagsigaye amezi atandatu ngo ico kiringo kirangiye.

Ivyo kwongera ikiringo c'amasezerano bisabwa nyene gukotesha. Kiretse iyo hari ingingo ibihindura canke ibihakana, abisabwa nka nyene inyubakwa, azwi ko we afise ububasha bwo kubisabwa ; igihe hagarizwa na benshi, bisabwe umwe muri bo biremerwa kuri bese kiretse iyo hari ingingo ibihindura canke ibihakana.

Mu mezi atatu ahariwe kuva basavye kwongerwa ikiringo co gukotesha, nyene gukotesha abwirizwa kumenyesha uwabisavye ko yongewe ikiringo canke atacongewe, agasigura igituma abihakanye. Mu gihe bitashobotse ko ashikiriza aho ahagaze muri ico kiringo, nyene gukotesha ahariwe ko yemeye ko ico kiringo congerezwa.

Ingingo ya 108

Nyene gukotesha, naho yoba adahakanye ko ikiringo c'amasezerano congerezwa, ariko akaba yipfuza ko igiciro co gukotesha gihinduka abwirizwa, muri ka karuhuko gategekanijwe mu ngingo ya 106 aho hejuru, canke mu nyishu ijanye no kwongereza ikiringo itegekanijwe mu ngingo ya 107 aho hejuru, kumenyesha igiciro yipfuza, atari aho naho ico giciro gishasha nticemerwa hadaciye amezi atatu hakurikijwe ikete ryo kubisaba bigaragajwe ko ryashikiriye uwo ryandikiwe.

Ingingo ya 109

Ikiringo congerezwa ku masezerano yo gukotesha gishingwa n'abo vyega. Bitabaye uko, iba imyaka ibiri.

IKIGABANE CA III

UGUHAKANA YONGEREZWA RY'IKIRINGO

Ingingo ya 110

Nyene gukotesha arashobora guhakana ko ikiringo congerezwa.

Mugabo rero, uwukotesha ahakanye ko ikiringo congerezwa ata mvo ikomeye kandi yumvikana canke mu ntumbero yo kwononera ikoteshwa ry'umutahe w'ubudandaji, akamuha inshumbusho y'uwirukanywe ingana n'ivyononekaye kubera uko kutamwongera ikiringo.

Iyo ndishi ishingwa n'umucamanza kandi ikabamwo n'inyungu y'umutahe w'ubudandaji ihariwe uko bisanzwe bigenda muri uwo mwuga.

IKIGABANE CA IV

IGICIRO CO GUKOTESHA N'INGINGO Y'UGUHAGARIKA AMASEZERANO IYO KITARISHWE

Ingingo ya 111

Ibiciro vyo gukotesha biri mu masezerano asubirwamwo canke yongererwa ikiringo bibwirizwa kuba ku rugero rw'inyubakwa ikoteshajwe.

Iyo bidashobotse ko abo vyega bumvikana, urwo rugero ruharurwa hakurikijwe ibi :

1° uko iyo nyubakwa yifashe ;

2° ico igenewe gukororwamwo ;

3° ivyo umwe wese mu bo vyega ategerezwa kwubahiriza ;

4° ibiranga ubudandaji ;

5° ibiciro bisanzwe bizwi muri iyo micungararo ;

6° ihindagurika ry'agaciro k'amahera.

Bidashobotse ko abo vyega bumvikana, sentare y'ubudandaji ni yo ica ivyihweza.

Ingingo ya 112

Ingingo yose iri mu masezerano yo gukotesha itegekanya ibijanye no kuvavanura biturutse ku kutariha mu kiringo casezeranywe igira ingaruka haciye ukwezi nyene gukuta atariha kandi yabisabwe icese. Mu kubisabwa harategakanywa ikiringo ntabanduka, atari aho ntaco biba bimaze. Nyene gukotesha

aremererwa gusaba indishi z'inyungu zifatiye ku gucerwa kuriha igicro co gukotesha.

Ingingo ya 113

Ibiciro vyo gukotesha inyubakwa canke amazu bigengwa n'ingingo zo muri kino kigabane, vyaba vyongewe ikiringo canke bitongewe, bishobora gusubirwamwo bisabwe n'umwe mu bagiriraniye amasezerano.

Mu kubisaba ni ngombwa gutomora igicro gisabwa canke catanzwe.

Bidashobotse ko bumvikana, umucamanza ni we yihweza urwo rubanza. Nyene gukora ntashobora kwirukanwa muri ico nyubakwa hataraba ingingo y'umucamanza.

Igicro gishasha gitangura gukurizwa kuva umunsi bisabwe, gihe abegwa n'amasezerano bashoboye kwumvikana kuri ico kiringo imbere yo gushinga urubanza canke barushinze, uwumvikana kuri ico kiringo imbere yo gushinga urubanza canke barushinze, caba ica kera canke vuba cane.

IKIGABANE CA V

UGUHINDURA ICO INYUBAKWA IKOTESHEJWE YARI IGENEWE

Ingingo ya 114

Nyene gukora inyubakwa arashobora kuharangukira ibikorwa vyiyongera ku vyo yarategokanye mu gihe c'amasezerano.

Muri ico gihe abwirizwa kumenyesha nyene inyubakwa intumbero yiwe mu gutomora ibikorwa ategokanya kuharangukira. Ivyo ni nk'ukugabisha nyene inyubakwa, abwirizwa nawe mu kiringo c'amezi abiri ataranga kumenyesha nimba adashimye ko ivyo bikorwa vy'inyongera biharangurirwa.

Mu gihe abihakanye, sentare, ibisabwe n'uwo biraje ishingane, irashikiriza aho ihagaze ifatiye ku migenco iranga ubudandaji.

Mu gushinga ibiciro vy'ugukotesha, barashobora gufatira kuri ivyo bikorwa vy'inyongera mu gihe vyoba akaranga n'akamaro k'ivyo bibanza bikoteshejwe.

Ingingo ya 115

Nyene gukora, mu gihe abisavye, arashobora kwemererwa kurangukira muri ico nyubakwa akose igikorwa kimwe canke kurangukira muri ico nyubakwa akose igikorwa kimwe canke vyinshi bitandukanye n'ivyari vyarategokanijwe n'amasezerano yo gukotesha, bifatiye k'ukugene ivy'ubutunzi vyifashe n'ingene vyama ari nkenerwa kwiyungunganya mu kubaho, mu gihe ivyo bikorwa bidateye kubiri n'ivyo hagenewe, n'uko inyubakwa zifashe canke amatungo ntatururwa yaho yose.

Ingingo ya 116

Mu kubisaba nyene gukotesha, ni ngombwa gutomora ibikorwa bitegekanywa kuharangukirwa, atari aho biba ubusa. Bishingwa kandi bigatomorwa na bene umutahe w'ubudandaji. Abo nabo barashobora gusaba ko mu guhindura ibikorwa hategekanywa n'ivyotuma bagumana inyungu zabo.

Nyene gukotesha abwirizwa, muri uko kwezi nyene bisabwemwo, kubimenyesha bamwe mu bamukoteye bohava bipfuzwa kurangura imirimo isa n'iyi itegokanijwe. Abo nabo, batagomvye kwirukanwa, babwirizwa gushikiriza aho bahagaze mu kiringo c'ukwezi babimenyeshejwe.

Mu gihe nyene gukotesha yorenga amezi atatu ataramenyesha ko yemeye canke ahakanye ivyo yasabwe canke ivyo yipfuzwa ko vyobanza kwubahirizwa imbere yuko yemera, aca afatwa nk'uwemeye ivyo yasabwe. Uko kwemera ntikubuzwa irangurwa ry'amateka ategokanijwe mu ingingo ya 117 aha muni.

Ingingo ya 117

Uguhindura ibikorwa bishobora gutuma nyene gukora atanga indishi y'agahombo ishingwa na nyene gukotesha.

Uwo kandi, afatiye ku karusho bizozana, ashobora no guca asaba ko ibiciro vyo gukotesha bihinduka mu gihe biriko birahindagurika.

Amateka ya bene umutahe, naho bihindagurika aguma ku rugero rwa mbere.

IKIGABANE CA VI

INGINGO ZITANDUKANYE

Ingingo ya 118

Ingingo zose n'amasezerano vyoza vyononera amateka agenga kwongereza ikiringo ategokanijwe muri kino kigabane, uko vyoba bimeze kwose, ni ubusa gusa ntaco bimaze.

Ingingo ya 119

Ni amasezerano yose yoza abusa nyene gukora gushikiriza amasezerano yiwe uwegukiye imitahe y'ubudandaji, nk'uko biri muri kino kigabane, nayo nyene ni ubusa.

IGICE CA IX

INGINGO MFATAKIBANZA N'IZISOZERA

Ingingo ya 120

Aho sentare y'ubudandaji itarashingwa, ibikorwa n'amakosa vyega ububasha bw'iyi sentare, birashikirizwa sentare nkuru y'igihugu yo muri ako karere. Umwanditsi w'imanza muri sentare nkuru y'igihugu ni we ajejwe igitabu c'ubudandaji.

Ingingo ya 121

Uburyo bwo gushira mu ngiro iri tegeko-bwirizwa butomorwa n'Itegeko ry'umukuru w'igihugu canke Itegeko nshikiranganji ry'abashikiranganji bajejwe ubudandaji n'ubutungane.

Ingingo ya 122

Ingingo zose zafashwe zihushanywe n'iri tegeko-bwirizwa zarahagaritswe, nk'izi zikurikira :

1° ingingo ya 2 agahimba ka 2 y'Itegeko-bwirizwa n° 1/1 ryo ku wa 15 Nzero 1979 rigenga amashirahamwe y'ubudandaji ;

2° ingingo za 287, 288, 290, na 291 uduhimba twa 2 na 3 z'Itegeko-bwirizwa n° 1/6 ryo ku wa 4 Ndamukiza 1981 risubiramwo igitabo c'amategoko mpanavyaha ;

3° ingingo ya 2 agahimba ka 2, iya 3 n'iya 4 z'Itegeko-bwirizwa n° 1/037 ryo ku wa 27 Munyonyo 1990 rigenga umwuga wo kuvana ibidandazwa hanze y'igihugu nk'uko vyahinduwe n'Itegeko-bwirizwa n° 1/024 ryo ku wa 16 Nyakanga 1991 rigenga umwuga wo kwinjiza ibidandazwa ;

4° Itegeko ryo ku wa 31 Mukakaro 1912 rigenga ibitabo vy'ubudandaji ;

5° Itegeko ryo ku wa 2 Myandagaro 1913 rigenga abadandaza n'ivyemezo vy'ivyo biyemeje mu rudandazwa ;

6° Itegeko ryo ku wa 20 Myandagaro 1916 rigenga iguza ry'ibidandaza ;

7° Itegeko ryo ku wa 24 Myandagaro 1922 rigenga amasezerano y'ingo z'abadandaza ;

8° Itegeko ryo ku wa 6 Ntwarante 1951 rigenda igitabo cemeza umudandaza azwi n'amategoko ;

9° Itegeko ryo ku wa 1 Ndamukiriza 1959 rigenga ivyo gucungera ubushobozi bw'abaguzi ;

10° Itegeko n° 100/58 ryo ku wa 20 Myandagaro 1986 rigenga icungurwa ry'ibikorwa vy'ubudandaji ;

11° Itegeko-bwirizwa shikiranganji n° 41/63 ryo ku wa 24 Ruhuhuma 1950 ritegekanya ibihano bifatirwa umudandaza arondera abagenzi arenze amategoko ;

12° Itegeko nshikiranganji n° 550/296 ryo ku wa 10 Kigarama 1980 ritomora ingene abadandaza mvamahanga bakorerwa mu Burundi ;

13° Itegeko nshikiranganji n° 750/368 ryo ku wa 15 Gitugutu 1990 ritegekanya ingene haronkwa ikarata y'ubudandaji ;

14° Itegeko nshikiranganji n° 750/311/91 ryo ku wa 21 Nyakanga 1991 ryerekeye ishirwa mu ngiro ry'Itegeko-bwirizwa n° 1/024 ryo ku wa 16 Nyakanga 1991 agenga umwuga w'abinjiza ibidandazwa.

Ingingo ya 123

Iri tegeko-bwirizwa rija mu ngiro umunsi ritangarijweko.